

# Kesyon yo Poze Souvan

**Kimoun ki pwoteje anba seksyon Dwa Moun Vil New York (NYC Human Rights Law) sa a?**

Tout moun nan Vil New York jwenn pwoteksyon pou ras yo oswa ras yo sanble ye, nan ki peyi yo soti, koulè, relijyon, laj, si yo etranje oswa sitwayen Etazini, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap oswa sityasyon lojman. Sityasyon lojman gen pou wè ak kote ou abite—tankou yon bilding prive, yon lojman leta oswa sistèmabri—oswa si ou sanzabri.

**Èske se Komisyon Dwa Moun Vil New York (NYC Commission on Human Rights) ki okipe anjeneral kesyon ki gen pou wè ak move ajisman lapolis?**

Non. Se pou yo denonse move ajisman lapolis opre Konsèy Resepsyon Plent Sivil (Civilian Complaint Review Board, CCRB) lan ki ankete tou reklamasyon ki gen pou wè ak fòs eksèsif oswa ki pa nesèsè, abi otorite, konpòtman malelve oswa lè ofisye lapolis NYPD di betiz. Epitou ou kapab pote plent opre Komisyon Dwa Moun Vil New York la, sepandan, si move konpòtman an gen pou wè ak ras ou, peyi kote ou soti a, koulè, relijyon, laj, si ou etranje oswa sitwayen Etazini, oryantasyon seksyèl, andikap oswa sityasyon lojman ou an.

**Èske mwen kapab fè yon rapò anonim?**

Komisyon an ankouraje rezidan Vil New York yo denonse tout zak ki fè diskriminasyon, menmsi yo pa vle bay idantite yo. Komisyon an gendwa fè pwòp ankèt pa li san li pa revele idantite w.

**Ki rezilta ki pral genyen si mwen pwouve yon reklamasyon akòz siyalman moun ki baze sou prejije?**

Anba Lalwa, si yo pwouve lapolis te bay yon siyalman yon moun nan fason ki baze sou prejije, Komisyon an kapab bay ofisye lapolis yo lòd pou sispann sible w epi mande yo pou yo fè fòmasyon konsènan seksyon lalwa sa a anba Lwa Dwa Moun Vil New York la. Li kapab egzije tou pou depatman lapolis la pran prekosyon anplis pou asire li konpòtman sa a p ap kontinye. Epitou, li kapab egzije pou ni ofisye lapolis la ni depatman an kreye oswa ranfòse bon politik yo epi chanje move yo.

**Ki ajans lapolis ki konsène?**

Lwa a vize Deptaman Lapolis Vil New York (NYPD) ak ofisye lapolis li yo. Li konsène tout ofisye mentyen lapè Vil la anplwaye, tankou sheriff yo ak sèten gad nan etablisman Vil la. Li aplike tou pou “nèg ki fè patwouy espesyal” Depatman Lapolis Vil New York (New York Police Department, NYPD) nonmen, tankou ofisye sekirite lekòl.



# SIYALMAN KI BAZE SOU PREJIJE LAPOLIS

**Anba Lwa pou Dwa Moun Vil New York la**

Rele **311** epi mande pou Komisyon Dwa Moun Vil New York (NYC Commission on Human Rights) oswa rele Komisyon an dirèkteman nan **212-416-0197** si oupanse yon ofisye lapolis oswa yon ofisye mentyen lapè pa t respekte entèdiksyon siyalman ki baze sou prejije Lwa Dwa Moun nan Vil New York lan.

Pou pote plent konsènan fòs ki eksèsif oswa ki pa nesèsè, abi otorite, konpòtman malelve, oswa si ofisye Depatman Vil New York yo di betiz, al gade nan **NYC.gov/CCRB** oswa rele **1-800-341-2272**.



    @NYCCHR  
[NYC.gov/HumanRights](https://nyc.gov/HumanRights)

**NYC** **Komisyon sou  
Dwa Moun  
(Commission on  
Human Rights)**

    @NYCCHR  
[NYC.gov/HumanRights](https://nyc.gov/HumanRights)

# SIYALMAN KI BAZE SOU PREJIJE LAPOLIS Anba Lwa pou Dwa Moun Vil New York la

Sa konn rive lè lapolis oswa ofisye mentyen lapè sible ou pou arete w oswa pou lòt aksyon penal lapolis, pa akòz enfòmasyon espesifik ki mete w anrapò avèk aktivite ilegal, men olye de sa akòz ou antre nan yon kategori moun Lalwa pwoteje akòz ras, peyi kote ou soti a, koulè, relijyon, laj, si ou etranje oswa sitwayen Etazini, oryantasyon seksyèl, andikap oswa sityasyon lojman. Epi li gen dwa aplikab tou pou politik ak pwosedi ki gen yon enpak dispwopòsyone sou yon gwoup moun anpatikilye, menmsi yo pa sible gwoup moun sa a eksplisitman.

## Senaryo Pou Ede W Idantifye SIYALMAN KI BAZE SOU PREJIJE:

- 1 Apre lekòl la lage, ofisye lapolis yo di elèv Afriken-Ameriken nan yon lekòl entèmedyè pou yo pa rete nan katye a. Elèv blan ki nan menm lekòl la gen dwa rete nan zòn lan yomenm.
- 2 Lannwit, pandan wikenn lan, 2 fanm kanpe nan menm kwen lari a ap tcheke selilè yo. Ofisye yo rete premye fanm lan, yon fanm transeksyèl, epi yo poze li kesyon sou aktivite li epi yo mande li yon pyès idantite. Yo pa rete, ni kesyone ni mande idantifikasyon pou dezyèm fanm lan, ki sanble li pa transseksyèl.
- 3 Nan yon pak lavil la, ofisye yo di moun ki sanble yo sanzabri pou yo “degèpi” libere ban yo. Yo di moun ki pa sanble yo pa sanzabri pou yo ale senpman. Sa afekte prensipalman moun de koulè ki sanzabri.
- 4 Ofisye NYPD yo ki kanpe nan antre sòbwe a fè moun ki sanble mizilman, arab oswa Azyatik diSid sibi kontwòl bagaj, menmi pa gen okenn endikasyon moun sa yo ap fè okenn aktivite ilegal. Yo pa fouye bagaj lòt pasaje sòbwe yo.

Si ou panse ou te viktim siyalman ki baze sou prejije, rele **311** epi mande pou Komisyon Dwa Moun Vil New York (NYC Commission on Human Rights) oswa rele Komisyon an dirèkteman nan **212-416-0197**.

## Aksyon Estratejik Komisyon an

Komisyon pou Dwa Moun Vil New York la angaje li pou anpeche ak elimine siyalman moun ki baze sou prejije lè li:

- Envestige reklamasyon òganizasyon ak moun nan piblik la prezante;
- Travay ak patnè nan kominote a pou edike rezidan yo konsènan Lwa pou Dwa Moun Vil New York la;
- Kolabore avèk NYPD sou kesyon ki gen pou wè ak Lwa a; epi
- Edike ajans Vil la pou yo konprann Lwa a pibyen epi travay avèk yo pou devlope politik ki entegre prensip divèsite ak enklizyon.

